

Avi Konsènan Dwa Anplwaye yo: Konje Sekirite ak Konje Maladi

Si w ap travay a tan pasyèl oswa a plen tan nan nenpòt ki biznis nenpòt ki tay oswa yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi oswa si w ap travay kòm yon travayè domestik nan Vil New York, ou gen dwa pou pran konje san danje pou pran swen tèt ou oswa nenpòt moun ou konsidere kòm fanmi ou. Ou gen dwa sa a kèlkeswa sityasyon ou ak imigrasyon. Patwon ou dwe ba ou sa a ki eksplike dwa ou yo.

Kantite Konje Sekirite ak Konje Maladi:

- Tout patwon dwe bay jiska **40 èdtan** konje pou sekirite ak konje maladi chak ane kalandriye.

Kòmanse 1ye janvyè 2021:

- Patwon ki gen 100 oswa plis anplwaye** dwe bay jiska **56 èdtan** konje sekirite ak konje maladi chak ane sivil.

Ane kalandriye patwon ou se: _____ ak _____
Premye mwa Dènye mwa

Ou ka resevwa konje sekirite ak konje maladi pou **1 èdtan pou chak 30 èdtan ou travay.**

Ou gen dwa pou resevwa konje sekirite ak maladi **PEYE:**

- Patwon ou gen 5 oswa plis anplwaye.
- Patwon ou gen mwens pase 5 anplwaye men yon revni nèt 1 milyon dola oswa plis. (an vigè 1ye janvyè 2021)
- Travay ou nan kay yon moun kòm yon travayè domestik; pa egzanp, moun k ap gade timoun, travay nan kay, oswa travayè konpayon. *Remak: Lwa a kouvri 1 oswa plis travay domestik k ap travay nan yon kay.*

Ou gen dwa pou resevwa konje sekirite ak konje maladi ki **PA PEYE:**

- Patwon ou gen mwens pase 5 anplwaye epi yon revni nèt ki mwens pase 1 milyon dola.

Ou ka itilize transfere konje sekirite ak konje maladi nan pwochen ane sivil la.

Itilizasyon Konje Sekirite ak Konje Maladi:

- Itilize li pou sante ou, tankou kote pou w jwenn swen medikal oswa pou rekipere apre yon maladi oswa yon chòk.
- Itilize pou pran swen yon fanmi ki malad oswa ki gen yon randevou medikal.
- Itilize li lè travay oswa lekòl pitit ou fèmen poutèt yon ijans sante piblik.
- Itilize li pou sekirite ou oswa pou yon fanmi poutèt vyolans nan kay, kontak seksyèl ou pa vle, tizonnay, oswa trafik moun.

Patwon ou ka egzije ou bay avi davans sou plan pou itilize konje sekirite ak konje maladi; pa egzanp pou ale nan yon randevou doktè oswa nan odyans tribinal ki pwograme. Ou pa bezwen bay avi davans si ge yon itilizasyon konje sekirite ak travay ou pa te atann; pa egzanp, yon maladi oswa ijans medikal toudekou.

Ou gen dwa pou yo pwoteje vi prive ou. Ou pa bezwen bay patwon ou detay yo konsènan poukisa ou te itilize konje sekirite ak travay.

Si ou itilize plis pase twa (3) jou travay youn apre lòt pou konje sekirite ak fanmi, patwon ou ka bezwen dokiman prèv nan men ou. Patwon ou dwe ranbouse ou pou nenpòt frè ou peye pou dokimantasyon ki obligatwa a. Dokiman an pa dwe gen detay sou enfòmasyon medikal prive oswa sityasyon pèsònèl.

Bezwen Avètisman Ekri konsènan Konje Sekirite ak Konje Maladi:

Anplwayè ou a dwe:

- Ba ou yon dokiman konje sekirite ak konje maladi ki eksplike kijan pou w itilize avantaj ou yo.
- Di nou konbyen konje sekirite ak maladi ou te itilize epi ki rete pou chak peryòd travay.

Vanjans Entèdi:

Li ilegal pou pini oswa revoke yon anplwaye paske li te mande oswa itilize konje sekirite ak konje pou fanmi oswa paske li pote plent pou yon vyolasyon.



Kontak Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou depoze yon plent.

Al gade nan [nyc.gov/workers](https://www.nyc.gov/workers) | Rele 311 epi mande pou "Paid Safe and Sick Leave" (Konje Sekirite ak Maladi)

Epitou, ou ka bay enfòmasyon yon fason ANONIM.